

Oganizasyon Fanmi Lavalas

Nan dat jedi 9 oktòb 2008, delege Òganizatè, Kad, Baz ak Saj ki soti nan 10 departman an nan Òganizasyon Fanmi Lavalas te reyni nan Pòtoprens e yo pran rezolisyon sa a.

Rezolisyon

Lè yo wè atik 9, 10, 11, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 20, 21 et 22 Manman Lwa, Batistè Regleman Òganizasyon Fanmi Lavalas.

Lè yo wè atik 2, 6, 11, 12, 16, 20 Regleman Anndan Òganizasyon an.

Lè yo wè egzil e kòm konsekans anpechman **Reprezantan Nasyonal** la, akòz koudeta 29 fevriye 2004 la.

Lè yo wè machemal Òganizasyon an, akòz vyolans politik pou kraze l, gouvènman defakto a ak akolit li yo te monte, epi mete annakasyon soti 2004 rive 2006.

Lè yo wè politik kounye a, pou rale e osnon pou pouse Òganizasyon an eklate nan nannan.

Lè yo wè sa **Gwoup Fasilitasyon** an bay, nan louvri chimen pou remete Òganizasyon Fanmi Lavalas ann eta pou l mache kòmsadwa.

Lè yo pran ka pèsistans malmache Òganizasyon Fanmi Lavalas, ki riske rann li pi frajil ankò, jis li ka rive disparèt.

Lè yo pran ka nesosite san pèdi tan, pou Òganizasyon an bay tèt li yon kò ki soti nan tètansanm, e ki gen reskonsablite mache kòtakòt ak manm yo, ki bay tout yo menm nan travay pou remete Òganizasyon an anneta, poul mache kòmsadwa.

Lè yo pran ka pwopozisyon pou kreye yon Ekip Reskonsab Tètansanm pou kondi Zafè Òganizasyon Fanmi Lavalas.

Lè yo pran ka akò pwopozisyon sa a jwenn pabòkote òganizatè, kad, ak Baz Òganizasyon an, nan 10 departman yo ak aletranje.

Lè yo pran ka tètansanm ki fèt nan 10 departman yo, nan chwazi yo chak, delege pa yo nan **Ekip Reskonsab** la.

Lè yo pran ka sitirasyon ki genyen pou prezante devan tout moun, **Ekip Reskonsab Tètansanm pou Kondi Annatandan Zafè Òganizasyon Fanmi Lavalas**.

Aprè pale ak reflechi ki fèt sou pwoblèm mache, e menm egzistans Òganizasyon Fanmi Lavalas, Delege Òganizatè yo, Kad yo, Baz yo nan 10 depatman yo ki reyini jodi jedi 9 oktòb 2008, nan pòtoprens, yo pran desizyon sa a yo :

Dispozisyon dwe pran pou fè nan yon tan tou kout, yon reyinyon nasyonal pou prezante devan tout moun, **Ekip Reskonsab Tètansanm pou Kondi Annatandan Zafè Òganizasyon Fanmi Lavalas.**

1. Gwoup Fasilitasyon an envite pou l pran tout kontak itil, pou gade e chwazi dat ak ki kote reyinyon sa a ap fèt.

2. Ankouraje Gwoup Fasilitasyon an pou l rapousib travay li jiskaske **Kowòdinasyon Pwovizwa** yo fin mete nan tout nivo : Seksyon kominal, Komin, Depatman, Nasyonal.

3. Gwoup Fasilitasyon an gen misyon pou l fè tout moun ki konsène jwenn rezolisyon sa a.

Men moun ki sinyen :
Manm Ekip Reskonsab la

<u>Depatman</u>	<u>DELEGE</u>
Nò	Pastè Hudson JEAN BAPTISTE. NIF-003-322-933-7
Nòdès	Luccio SERAPHIN. NIF-006-505-905-6
Nòdwès	Apoléon TROMPÉ. NIF-003-685-617-4
Sant	Cléonor SOUVERAIN. NIF-003-403-783-7
Latibonit	Olvy EMILCAR. NIF-004-037-043-6
Sid	Daniel CLAIR. NIF-001-558-073-1
Sidès	Dieuseul LUNDI. NIF-005-648-251-1
Nip	Hedly ASPILAIRE. NIF-001-461-705-1
Grandans	Jean Ernio MARC. NIF-003-465-791-5
Lwès	
Lwès Nò	Jeanson GUILLAUME. NIF-003-187-831-2

Lwès Sid	Lindor DUBOIS. NIF-003-979-397-6
Lwès Ès	Fritz MERCIUS. NIF-003-137-661-5
Petyonvil/Kenskof	Frantz JOSEPH. NIF-003-260-302-4
Dèlma	Ernest CHEVALIER. NIF-003-046-733-3
Site solèy	Myrtho PHILISTIN. NIF-003-517-975-6
Pòtoprens	Franck CAMILLE. NIF-003-002-682-3
Kafou	Pierre Charles REYNOLD. NIF-003-432-327-4

Lòt Delege

Reprezantan Nasyonal

Palmantè an Fonksyon Senatè Yvon BUISSERETH. NIF-001-186-033-0
 Depite Pierre Jérôme VALCINÉ. NIF-003-255-121-6

Gwoup Fasilitasyon

Kad/Òganizatè Annette AUGUSTE (Sò Àn). NIF-003-599-993-4

Yves CRISTALIN. NIF-003-280-386-6

Jonas COFFY. NIF-001-591-634-8

Joël COSTUMÉ. NIF-003-227-298-1

Stéphen FRANCISQUE. NIF-003-181-395-7

Selil Nasyonal Baz

Fanmi Lavalas Jean Mary Samedy. NIF-003-496-868-4

Gwoup Sen Jan Bosko Adrien Janvier. NIF-003-347-796-0

Inisyativ Popilè Wilson Hilaire Paul NIF-003-343-992-6

Saj

Rév. Père Yvon Massac NIF-003-231-310-1

Devan mèt Sabine Duvivier Morpeau, Notè nan Pèttoprens, ki gen nimewo

Idantite, patant, ak pou enpo:-----ak---
ki pwopriyete, ki rete e abite nan Pòtoprens.

Te konparèt mè Newton Louis St Juste, avoka, manm asosasyon avoka nan
Pòtoprens, ki gen nimewo idantite :-----
Ki pwopriyete, ki rete e abite nan Pòtoprens.

Li menm ki konparèt la a, apati rankont sa a, li depoze devan notè ki siyen papye
sa a, pou li mete nan rapò li nan dat jodi a pou tout rezon legal, sitou pou remèt
kopi osnon ekstrè bay moun ki dwe genyen, youn an Fransè ak lòt la an kreyòl,
yon rezolisyon ki te adopte nan dat jedi 9 oktòb 2008 pabòkote delege òganizatè,
kad, baz ak saj nan 10 depatman yo nan Òganizasyon Fanmi Lavalas ki te reyini.

Rezolisyon sa a, nan dat 9 oktòb 2008 nan Pòtoprens, li ekri ala machin sou
premye bò 6 fèy papye blan e li gen 4 dispozisyon. Anba rezolisyon an, misye ak
medam sa a yo vin poze siyati devan nou, nan Biwo nou : Hudson JEAN
BAPTISTE, Luccio SERAPHIN ,
Apollon TROMPÉ, Cleonord SOUVERAIN, Olvy EMILCAR, Daniel CLAIRE,
Dieuseul LUNDI, Hedly ASPILAIRE, Jean Ernio MARC, Jeanson
GUILLAUME, Lindor DUBOIS, Fritz MERCIUS, Frantz JOSEPH, Ernest
CHEVALIE, Myrtho PHILISTIN, Frank Camille, Pierre Charles REYNOLD,
Yvon Buissereth, Pierre Jérôme Valciné, Annette AUGUSTE (Sò Àn), Yves
CRISTALIN, Jonas COFFY, Joël COSTUMÉ, Stéphen FRANCISQUE, Jean
Mary SAMEDY, Adrien JANVIER, Wilson Hilaire Paul, Rév. Père Yvon
Massac.

Rezolisyon sa a ap anrejistre ansanm ak rapò reyinyon sa a, e lap rete tache ak li.

Pou sa papye tenbre sa a fèt. Fèt e regle nan Pòtoprens, nan biwo nou, 11 novanm
2008.

Aprel fin li, mande poul siyen, moun ki konparèt la fè sa a ak nou, Notè.

Nou ki siyen: Mèt Newton Louis St-Juste e Mèt Sabine Duvivier MORPEAU ;
Notè ki gen depo rapò a e kote apre omen sa k ekri :

Anrejistre Pòtoprens, nan dat-----folyo kazye-----rejis-----papye tenbre sivil

Direktè jeneral Anrejistreman
Premiye Espedisyon

Siyati : St Louis
Konpare e verifeye